

**ANALISIS HASIL DIAJAR MURID NGALANGKUNGAN**  
**MEDIA GAMBAR**  
**(Studi Literatur)**

**Ku**  
**Evi Nur Fitri**  
**165060017**

**ABSTRAK**

*Panalungtikan ieu dilakuken pikeun uninga hasil diajar murid ngalangkungan media gambar. Anu tujuanana pikeun nguningakeun konsep media gambar, konsep hasil diajar, sareng nguningakeun hasil diajar murid ku ngagunakeun media gambar ti sababaraha ahli. Panalungtikan ieu kasang tukangna dina sateuacan panalungtikan salah sajiji ahli nyebatkan hasil diajar murid kalebet kategori rendah. Perkara ieu disababkeun ku faktor kagiatan diajar nu pikaboseneun, kagiatan diajar ngan hiji arah ti guru ka murid wungkul, sareung kirangna motivasi murid kana diajar. Panalungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kualitatif ku metoda panalungtikan studi literatur. Sakumaha pikeun museurkeun panalungtikan anu dianalisi nyaeta nganalisa hasil diajar murid ngalangkungan media gambar tina hasil panalungtikan samemehna ti sababaraha ahli. Ngumpulkeun data dilakukeun ku milarian data dina wangun dokumen ti sababaraha sumber, sareung teknik analisis data panalungtikan ieu ngagunakeun analisis anu sifatna deduktif sareng induktif. Hasil panalungtikan anu kapendak ku panalungtik pakait sareng hasil diajar murid ngalangkungan media gambar ti sababaraha ahli nunjukeun hasil diajar murid ngalangkungan media gambar aya paningkatan hasil diajar nu signifikan. hasil analisis data ti sababaraha sumber mendakan eta konsep media gambar mangrupi pamahaman media gambar, ciri media gambar, syarat panggunaan media gambar, kauggulan sareng kaleahan media gambar. Konsep hasil diajar murid mangrupi pamahaman hasil diajar murid, faktor-faktor nu mangaruhan diajar, jenis panilaian diajar, sareng indikator hasil diajar. Ayana ngagunakeun media gambar dina proses diajar tiasa ningkatkeun hasil diajar murid anu signifikan. Ku sabab eta, hasil diajar murid ngalangkungan media gambar ieu tiasa ningkatkeun hasil diajar murid, ngangge media gambar kedah disaluyukeun sareung ciri murid supados nerapkeun media gambar tiasa dianggo supados luyu sareng kagiatan diajar.*

*Kecap Pamageuh: hasil diajar, media gambar.*